# Nókis qalasındaǵı Amfiteatrda qol urısı boyınsha professional sportshılar arasında xalıqaralıq turnir bolıp ótti

Turnirde elimiz sportshıları menen birge Rossiya, Belarus, Ukraina, Ázerbayjan hámde Kamerunnan kelgen qol urısı sheberleri bellesedi.
Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikası mámleketlik gimnleri atqarıldı.

Image not found or type unknown

Turnirdiń saltanatlı ashılıw máresiminde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Kamalov qatnastı.
Máresimde sózge shıqqanlar sportshılarǵa áwmet tiledi.

Image not found or type unknown

Turnirdiń dáslepki bellesiwi 65 kilogramm salmaqtaǵı sportshılar arasında boldı.
Onda jerlesimiz, qol urısı boyınsha eki márte Ózbekstan chempionı, xalıqaralıq turnirlerdiń sıylı orın iyesi Nurpeys Qarlıbaev ázerbayjanlı sportshı, xalıqaralıq turnirler hám jáhán chempionatı sıylı orın iyesi Ruslan Mammadovtı jeńdi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Sportshımızdı erisken jeńisi menen Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Kamalov qutlıqlap, oǵan pul sıylıǵı menen estelik sawǵasın tapsırdı.
Turnirdiń 75 kilogramm salmaqtaǵı sportshılar arasındaǵı bellesiwde jerlesimiz, qol urısı boyınsha eki márte Ózbekstan chempionı, xalıqaralıq turnirlerdiń sıylı orın iyesi Sherzad Jumanazarov kamerunlı sportshı Rushie Shaneldi jeńgen bolsa, usı salmaq kategoriyasındaǵı titullıq bellesiwde qol urısı boyınsha Aziya hám jáhán chempionı Jahongir Jumaev belaruslı Artyom Buloichukti nokautqa ushırattı.

Image not found or type unknown

Sportshılarmızdı  Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Kamalov qutlıqlap, olarǵa pul sıylıqları menen estelik sawǵaların tapsırdı.